

Deklarasyon Dwa Paran yo

Lè ou se yon paran, yon responsab legal oswa moun ki gen otorizasyon pou pran desizyon pou yon pasyan timoun k ap resevwa swen sante nan lopital sa a, ou gen dwa, dapre lalwa, pou sa ki endike anba la y:

- 1) Pou fè lopital la konnen non pwofesyonèl swen prensipal pitit ou, si ou konnen li, epitou pou fè yo note enfòmasyon sa a nan dosye medikal pitit ou.
- 2) Pou asire lopital nou an ap admèt sèlman pasyan timoun nan limit ki annamoni avèk mwayen lopital nou an pou bay ekip ki kalifye, espas ak ekipman ki gen dimansyon apwopriye ki nesèsè pou bezwen inik pasyan timoun yo.
- 3) Pou pèmèt omwen yon paran oswa yon responsab legal rete avèk pitit ou toutan, nan limit ki posib dapre bezwen sante ak sekirite pitit ou.
- 4) Pou yon doktè, yon asistan doktè, oswa yon enfimyè pratisyen ki abitye avèk maladi pitit ou nan moman an revize tout rezilta tèst pitit ou fè yo pandan admisyon li oswa pandan vizit li nan saldjans lan.
- 5) Pou pitit ou pa jwenn egzeyat nan lopital nou oswa nan saldjans nou jouk lè yon doktè, yon asistan doktè, ak/oswa yon enfimyè pratisyen revize nenpòt tèst nou kapab prevwa yon fason rezonab k ap bay rezilta ki gen enpòtans kritik epitou pou yo kominike rezilta yo ba ou oswa ba moun k ap pran desizyon yo, epitou ba pitit ou, si li apwopriye. Rezilta ki gen enpòtans kritik se rezilta ki sijere yon maladi ki menase lavi ou oswa maladi grav ki lakòz ou bezwen atansyon medikal imedyatman.
- 6) Pou pitit ou pa jwenn egzeyat nan lopital nou oswa nan saldjans nou jouk lè oumenm oswa pitit ou, si li apwopriye, resevwa yon plan egzeyat alekri, n ap kominike aloral ba ou ak ba pitit ou oswa ba lòt moun k ap pran desizyon medikal yo. Plan egzeyat alekri a ap idantifye sitou nenpòt rezilta kritik tèst laboratwa oswa lòt tèst dyagnostik doktè rekòmande yo pandan tan pitit ou pase nan lopital la epitou l ap idantifye nenpòt lòt tèst nou poko fè konklizyon sou yo.
- 7) Pou nou ba ou rezilta ki gen enpòtans kritik ak plan egzeyat pou pitit ou nan yon manyè ki asire, yon fason rezonab, oumenm, pitit ou (si li apwopriye), oswa lòt moun k ap pran desizyon yo konprann enfòmasyon sou sante nou ba ou pou ou kapab pran desizyon ki apwopriye sou sante.
- 8) Pou pwofesyonèl swen prensipal pitit ou, si ou konnen li, resevwa tout rezilta tèst laboratwa konsènan ospitalizasyon sa a oswa vizit sa a nan saldjans lan.
- 9) Pou mande enfòmasyon sou dyagnostik la oswa sou posib dyagnostik nou te konsidere pandan epizòd swen sante ak konplikasyon ki kapab devlope yo ap enfòmasyon sou nenpòt kontak ou te pran avèk pwofesyonèl swen prensipal pitit ou.
- 10) Pou ou resevwa, nan moman egzeyat pitit ou nan lopital la oswa nan departman ijans lan, yon nimewo telefòn ou kapab rele pou mande konsèy si ta gen konplikasyon oswa sizoka ou gen kesyon konsènan pwoblèm medikal pitit ou.

Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) 2803(i)(g) Dwa Pasyan 10NYCRR, Seksyon 405.7



Department
of Health